



DEFI PASPÒ PAK MINISTÈ KONSÈVASYON AK REKREYASYON (DCR) 2025



~Kesyon yo Souvan Poze~

Enfòmasyon Jeneral

Kisa Defi Paspò Pak ye e kijan li fonksyone?

Defi Paspò Pak la se yon pwogram eksitan ki fèt pou ankouraje vizitè yo eksplòre divès pak nan reyalize tach amizan ak kolekte tenb. Patisipan yo pral resevwa yon bwochi Defi Paspò Pak la ki gen ladan **12 pak patisipan yo, 2 pou chak nan 5 rejyon yo menm jan ak 2 lokal k ap bay dlo**. Nan chak pak, patisipan yo pral gen opòtinite pou yo konplete aktivite opsyonèl epi kolekte yon tenb inik pou make vizit yo. Objektif la se enspire avanti, aprantisaj, ak eksplorasyon bèl peyizaj natirèl nou yo.

Kijan mwen ka patisipe?

1. Pase pran Bwochi Paspò Pak la nan sant vizitè lokal k ap patisipe yo oswa enprime paspò yon-sèl-paj nou a lakay ou.
2. Vizite pak patisipan yo epi jwenn bwat tenb kache a epi mete tenb sou paspò w pou make avanti ou!
3. (opsyonèl) Konplete aktivite yo pou plis amizman epi enprime paj ki gen Aktivite Anplis yo pou pwolonje avanti ou!
4. Sanble kantite tenb ou kapab pou konplete Defi Paspò Pak la epi reklame prim ou!
Konplete Defi Paspò Pak la epi soumèt reklamasyon an pou pi ta nan dat **30 Novanm 2025** pou w kapab antre nan yon lotri pou jwenn chans genyen yon lòt bon prim!

Èske pwogram nan gratis?

Wi, patisipasyon nan Defi Paspò Pak la **gratis**. Pa gen okenn frè pou w resevwa yon paspò, vizite bwat tenb yo, oswa pou konplete aktivite yo. Men, gen kèk pak ki ka gen frè pakin oswa frè adisyonèl pou lòt sèvis, kidonk li ta bon pou w verifye paj entènèt pak espesifik la anvan ou vizite li.

Lyen ki ka itil:

Sit entènèt DCR: www.mass.gov/dcr

Konsèy DCR: <https://www.mass.gov/lists/dcr-press-advisories>

Jwenn yon Pak DCR <https://www.mass.gov/info-details/find-a-park>

Pwogram ak Evènman DCR: <https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-state-parks-programs-and-events>

Enfòmasyon sou Pakin DCR: <https://www.mass.gov/guides/parking-at-massachusetts-state-parks>

Ki moun ki ka patisipe?

Pwogram la ouvri pou tout moun! Li fèt pou li aksesib nan pi wo nivo posib epi li fèt pou moun tout laj, tout kilti ak kapasite kapab enplike yo.

Èske gen yon dat fen pou Defi Paspò Pak la?

30 Novanm 2025 se dat limit pou konplete Defi Paspò Pak la epi remèt fòmilè reklamasyon ou pou etikèt boutèy dlo Defi Paspò Pak la epi pou w tou antre nan yon lotri pou yon gran prim. Etikèt boutèy dlo yo pral vini jwenn ou pa lapòs nan 3 semèn apre w fin remèt fòmilè reklamasyon ou. Moun ki genyen gran pri yo pral seleksyone epi enfòmè sou yon tiraj k ap fèt nan mwa Desanm 2025.

Kisa mwen ta dwe pote pou prepare vizit mwen an?

Lè w byen prepare, sa ap ede w pwofite vizit ou a plis! Panse pou pote bagay sa yo:

- Bwochi Paspò Pak ou pou w kapab kolekte tenb
- Sandal/soulye konfòtab pou mache
- Dlo ak ti manje penpennen pou rete idrate epi gen enèji.
- Pwoteksyon pou solèy, tankou krèm pwoteksyon po, yon chapo, ak linèt
- Begonn pou flite epi kouri dèyè moustik ak lòt ensèk
- Yon kamera oswa longvi pou gade lavi sovaj
- Yon kat pak la pou ede ou jwenn chimen ou

Kijan pou Patisipe epi Swiv Pwogrè ou

Ki kote mwen kapab jwenn yon Bwochi Defi Paspò Pak la?

Ou kapab pase pran yon bwochi Defi Paspò Pak la nan sant vizitè nenpòt pak patisipan. Pou w konnen ki pak ki ofri bwochi a, vizite paj entènèt nou nan **www.mass.gov/info-details/dcr-park-passport-challenge**. Ou kapab enprime yon fèy paspò on-sèl-paj tou **(8.5x11)** lakay oswa nan yon bibliyotèk lokal pou w ka pote nan avanti w la.

Kijan pou m kolekte tenb yo?

Depi ou rive nan yon pak, lokalize bwat tenb lan, li souvan toupre sant vizitè a oswa lòt zòn aksesib. Itilize kòd sekrè ki koresponn ak rejyon pak nan Paspò Pak ou a pou ouvri bwat la, epi mete tenb sou Bwochi Defi Paspò Pak ou nan espas ki la pou pak sa.

Kisa pou m fè si m pa rive jwenn bwat tenb la?

Si w rankontre difikilte pou jwenn yon bwat tenb, verifye kat pak la epi chèche antre pak la, sant vizitè li, yon estann, oswa akote yon pis aksesib. Si w pa sèten toujou, mande yon responsab nan pak la ede ou.

Èske mwen oblije vizite tout pak yo?

Non! Ou kapab verifye kantite pak ou vle. Pwogram la fèt nan fason pou li fleksib pou ou kapab eksplòre nan nivo ou kapab. Kit w ap konsantre sou kolekte tenb, konplete aktivite yo, oswa pwolonje avanti w la ak Paj Aktivite Bonis la, tout sa depann de ou! Ou dwe vizite tout 12 pak yo epi rekipere tout 12 tenb yo pou w kapab kalifye pou etikèt boutèy dlo Defi Paspò Pak la epi pou w antre nan yon lotri pou yon gran prim.

Ki kote mwen kapab jwenn paj aktivite bonis la?

Ou kapab telechaje yon paj vèsyon dijital Aktivite Bonis yo (*opsyonèl*) sou paj entènèt Defi Paspò Pak la nan www.mass.gov/info-details/dcr-park-passport-challenge. Ou ka enprime li lakay ou oswa nan bibliyotèk lokal ou a.

Rekonpans

Èske gen prim pou lè w konplete defi a?

Wi! Patisipan ki konplete Defi Paspò Pak la nan kolekte **tout 12** tenb yo pral kalifye pou resevwa yon prim espesyal - yon etikèt Defi Paspò Pak la pou boutèy dlo! Moun ki konplete defi a epi depoze fòmilè reklamasyon yo pou pi ta nan dat **30 Novanm 2025**, pral antre nan yon lotri pou ka jwenn chans genyen yon gran prim!

Kijan mwen kapab reklame prim mwen an?

Depi ou fin sanble tout **12 tenb** yo, vizite paj entènèt nou a epi ranpli fòmilè reklamasyon prim anliy la. Ou ta dwe tann pou resevwa etikèt boutèy dlo w la nan **3 semèn** apre ou fin depoze fòmilè w la. Pou antre nan yon lotri pou jwenn chans genyen yon lòt prim, depoze fòmilè reklamasyon prim anliy ou a pou pi ta nan dat **30 Novanm 2025**.

Aksesibilite ak Enklizyon

Èske pak yo aksesib pou moun ki gen andikap yo?

Wi, Defi Paspò Pak la fèt pou li akomode moun ki gen tout kalite kapasite. Bwat tenb yo plase nan espas ki aksesib fasilman, epi seri yo fèt pou itilizasyon fasil moun ki gen diferan kapasite fizik.

Èske m kapab ale nan pak yo ak bèt sèvis yo?

Wi , bèt sèvi yo kapab antre nan tout pak patisipan yo. Asire w swiv konsiy espesifik pak yo sou lòt bèt yo.

Remak: Chen yo PA otorize antre nan Walden Pond State Reservation, Quabbin Reservoir, oswa Wachusett Reservoir okenn lè, sof bèt sèvis yo.

Nan ki lang pwogram la disponib?

Pwogram la disponib nan **11 lang** ki gen ladan Anglè pou rann pwogram la pi enklizif posib. Vèsyon tradwi bwochi Defi Paspò Pak la ak lòt dokiman esansyèl disponib nan:

- Anglè
- Panyòl
- Pòtigè
- Chinwa Tradisyonèl
- Kreyòl Ayisyen
- Vyetnamyen
- Ris
- Arab
- Khmer
- Kreyòl Kapvè
- Franse

Ki kote mwen kapab jwenn vèsyon tradwi bwochi Defi Paspò Pak la ak lòt dokiman esansyèl yo?

Tout 12 pak patisipan yo pral gen kopi fizik bwochi Defi Paspò Pak la ak lòt dokiman esansyèl ki disponib nan **11 lang** ki gen ladan Anglè. Nou rekòmande pou ou rele davans pou asire w ke pak la gen materyèl yo disponib. Si gen yon pak ki pa gen kopi tanporèman, y ap kòmande materyèl yo epi y ap mete yo disponib pi vit posib.

Pwoblèm Teknik

Sa k ap rive si mwen pèdi Bwochi Defi Paspò Pak mwen a?

Pa enkyete w! Ou kapab pase pran yon nouvo bwochi Defi Paspò Pak la nan nenpòt pak patisipan. Si w pèdi tenb ou yo, ou kapab toujou reklame prim ou lè w vizite paj entènèt nou epi ranpli fòmilè reklamasyon prim la.

Kijan mwen kapab rapòte yon pwoblèm ki gen ak materyèl bwat tenb yo?

Si w rankontre nenpòt pwoblèm ak yon bwat tenb, ekip ki travay nan pak la sou sa, oswa voye yon imèl bay **DCRPassport@mass.gov**. Tanpri ajoute non pak la epi dekri pwoblèm nan, epi nou pral travay pou rezoud li rapidman.

Ki moun mwen kapab kontakte pou plis kesyon?

Si w gen kesyon, pa ezite mande ekip ki travay nan pak la èd. Si yo pa rive reponn kesyon w la, ou kapab voye kesyon oswa enkyetid ou a nan imèl bay **DCRPassport@mass.gov**. Nou swete reponn tout rekèt yo nan tan apwopriye.